

Meera Joshi
Manm Komisyon/Prezidan

Allan J. Fromberg
Afè Piblik
frombera@tlc.nyc.gov

Rebecca Harshbarger
Afè Piblik
harshbargerR@tlc.nyc.gov

33 Beaver Street
22nd Floor
New York, NY 10004

PWOSESIS EGZAMEN LISANS CHOFÈ TLC A AP CHANJE

Komisyon Taksi ak Limouzin (Taxi and Limousine Commission, TLC) te chwazi PSI Services pou bay egzamen Lisans Chofè TLC a. Egzamen moun pran nan PSI yo ap koute \$49 epi y ap disponib nan plizyè lang. Aplikan pou lisans Chofè TLC yo ka pran egzamen an nan plis pase 10 biwo PSI nan Vil la chak jou.

Kòmanse 19 desanm 2018: Aplikan yo ka chwazi pou yo pran egzamen Lisans Chofè TLC a kay founisè edikasyon kote yo te pran kou Lisans Chofè TLC a oswa yo ka pwograme yon egzamen ak PSI Services.

Kòmanse 1ye janvye 2019: Aplikan yo dwe pran egzamen Lisans Chofè TLC a nan yon biwo PSI. PSI Services ap kontakte Aplikan Lisans Chofè TLC yo pa imèl apre yo fini ak kou Lisans Chofè TLC a ak enstriksyon sou kijan pou yo pran yon randevou pou pran Egzamen Chofè TLC a. Founisè Edikasyon TCL Apwouve yo p ap ofri Egzamen Lisans Chofè TLC a apre 1ye janvye 2019.

Tout aplikan dwe pwograme randevou pou egzamen yo a davans epi y ap ka pran tès la sèlman *apre* yo fini ak kou Edikasyon Chofè TLC a. Ou ka pwograme randevou w la sou entènèt oswa nan telefòn ak PSI Services.

Men yon lis biwo egzamen:

Adrès	Minisipalite
3250 Westchester Ave #126, Bronx, NY 10461	Bronx
54 MacDonough Street, Brooklyn NY 11216	Brooklyn
545 8th Ave #1210, New York, NY 10018	Manhattan
566 7th Ave, New York, NY 10018	Manhattan
124 E 40th St, Ste 801, New York, NY 10016	Manhattan
135-41 37th Avenue 4th Floor, Flushing, NY 11354	Queens
102-40 67th Drive, Forest Hills, NY 11375	Queens
6921 164th St #9, Fresh Meadows, NY 11365	Queens
71-19 80th Street, Suite 8307, Ridgewood, NY 11385	Queens
1911 Richmond Avenue, Suite 130, Staten Island, NY 10314	Staten Island

Tanpri ale sou www.nyc.gov/tlcdrivereducation pou jwenn enfòmasyon ki pi detaye.